



## Niba umuriro, amazi na gaze vyari vyamaze kugarwa, ni gute novyuguruzanya kandi?

Urya ajejwe umurwi waje kuzimya umuriro arashobora kuba yaciye azimya umuriro n'amazi ku nzu yawe kumpamvu z'umutekano, mugihe ko kuzimya umuriro.

Niwaba ufise ubwishingizi, rirya shirahamwe rirashobora kukugururiza amatara n'amazi. Atari uko, bizogusaba kwihamagarira wewe nyene, irya mishanga yama ibikugezako, kugira ngo basubire bakwugururire.

Barya bagurisha amazi n'umuriro bazorungika umuntu yavuyiye aze kuraba ivyononekaye yongera abikore, kugira ngo ace arekura basubire baguhe umuriro canke amazi na gaze.

## Ni kuki abanyamakuru bari ngaha?

Abanyamakuru bama batanga amakuru ku bijanye n'umuriro mu makuru yabo. Hagize umunyamakuru akuzako ashaka kukubaza ibibazo, urashobora kwemera kuvugana nabo canke ukanka. Uramutse wemeye kuvugana nabo, murahobora kuganira kuvyo baza kukubaza mbere y'uko batangura kwandika canke gufata amajwi, kugira ngo ube uramenya ivyo witegurira. Urashobora kandi gusaba urya ajejwe urya mugwi waje kuzimya umuriro iwawe ko yohakubera akamera nk'umuhuza.

Bishitse ko hari ahantu muvyo bakubajije wumva hatakugendekeye neza, uca ubwira urya ariko arakubaza inkuru ko utifuza kubandanya. Bishitse ko icatete umuriro kiba kitaramenyekana, kikaba kikironderwa, ni vyiza kutagira ikintu na kimwe umuntu abivuganyeko n'umunyamakuru.

## Ndifuzanya kuvugana n' umuntu, ninde nojako?

Guhisha inzu ni ikintu kibabaje cane gishobora kugutera umubabaro wo mu mutima, no mu bwenge. Ibi birasanze ariko bisaba ko wiyumvira ingene wewe n'umuryango wawe mugiyeye kuvyifatamwo. Ni vyiza ko usaba imfashanyo no kuvugana n'umuntu ku bijanye nibihe urimwo, ashobora kuba uwo mumuryango wawe, inshuti canke abahanuzi bavuyiye.

Abo muri "The FESA Chaplain" barashobora kugufasha wewe n'umuryango wawe. Urya ajejwe abaje kukuzimiriza umuriro arashobora kuguhamagarira abo bo muri FESA Chaplain, bakakuzanira imfashanyo zo kuremesha, no kugufasha gupangira kazozo. Hariho imishinga myinshi ikora amasaha yose ushobora guhamagara ikagufasha.

## Inomero zama zuguruye amasaha 24:

**FESA Chaplain (08) 9485 7800**

(Uhamagaye ngaha nta muntu yitaba mugabo uca usiga ubutumwa (message))

**Crisis Care (08) 9223 1111**

**The Samaritans (08) 9381 5555**

**Lifeline 13 11 14**

Uwutwara abo baje kukuzimiriza umuriro yitwa \_\_\_\_\_

Baje bavuye \_\_\_\_\_ Fire Station (ikigo co kuzimya imiriro)

Ku muni wa \_\_\_\_\_ izamu (shift)

Inomero zabo za telephone ni \_\_\_\_\_

## Urya atwara abaje kuzimya umuriro azogufasha mu kuzuzanya udusandugu tw'ivyo uzoba umusavye ko vyokurikiranwanya:

### Niba ufise ubwishingizi:

- Hamagara rirya shirahamwe ryawe ry'ubwishingizi

### Rirya shirahamwe ry'ubwishingizi rirashobora gukurikiranwanya:

- aho kuba urabaye vyihutirwanya
- indya n'impuzu vyihutirwanya
- guhama gashyamba imishinga ishobora kukugirira ubusafi no gukuraho ivyononekaye
- kugusuzumira ko umuriro, amazi na gaze ko bimeze neza kandi bagasubira kubikugarukanira mu nzu

### Ishirahamwe ry'ubwishingizi rirashobora kuguha impanuro ku bijanye:

- uwo wahamagara ngo akurindire inzu yawe
- igihe umuntu azorungikirwanya kuza kuraba inzu yawe avuye muri iryaho shirahamwe ry'ubwishingizi
- ni ryari wemerewe guhamagara umuntu wo kugukoreranya ivyo arivyo vyose mu nzu yawe

### Udafise ubwishingizi canke amasezerano mufitanye n'ishirahamwe ry'ubwishingizi atita ku ngorane zose, hamagara:

- amashirahamwe yo kwirukira mu gihe umuntu ashaka aho kuba, indya, ivyambarwanya vyihutirwanya
- amashirahamwe ashobora kukurindira inzu yawe
- ubuhanuzi n'imishinga ifasha (Harimwo na FESA Chaplain)
- amashirahamwe yo gukubura canke gukuraho imicafu ahahiyeye umuntu yigiyeye ivyimiyagankuba ashobora kugukoreranya amatara, no kugusubirizwanya umuriro
- uwigiyeye ivyo gukora amazi ashobora kugusubiriza amazi na gaze mu nzu
- ishirahamwe ryo kugukoreranya inzu yawe.

OCTOBER 2010

# KWEGERANYA UDUPANDEPANDE... ICO USHOBORA GUKORA NYUMA Y'UMURIRO WADUTSE MUHIRA



kirundi



Government of Western Australia  
Fire & Emergency Services Authority



Government of Western Australia  
Fire & Emergency Services Authority



Iyo umuriro wankirije canke ugasenyurainzu yawe, urashobora kubura amahoro no gutakaza umutwe. Birashobora no kugorana ko umuntu yemera ivyamushikiye. Iryo ni ibisanzwe, kandi birahera buke buke muri rusangi. Hagati aho, hari ibintu ushobora gukora bikagufasha kwisubiranyana.

Aka gatabo kagufasha kumenya amahitamwo yawe, uko woronka izindi mpuzu, no kubona aho wokwimukira niba utoguma mu nzu yawe. Urya muntu atwara abazimya umuriro nawe arashobora kugufasha.

### Ntaho mfise mba iri joro. Ni igiki kizoba ku muryango wanje hamwe nanje?

Iyo inzu yawe yishinganywe, ca uhamagara rirya shirahamwe, rirashobora kugufasha kuriha aho urara vyihutirwa bivanye n'amasazerano mufitanye. Hama hariho inomeri zo guhamagara nyuma y'amasaha y'akazi. Udafise ubwishingizi, birashoboka ko woba uragumye mu nshuti n'abagenzi, canke ababanyu.

Ikindi gishoboka ni uguhamagara mu gisata kijejwe ivy'amasu, aho barashobora kukuronderera inzu yabagize ingorane, bakaba bonagufasha kuronka aho woba uramara iminsi. Irindi shirahamwe banyu "The Department For Communities Crisis Care" (shirahamwe ryitaho imiryango iri mu ngorane).

**Department of Housing, Homeless Advisory Service:**  
inomeri za telefone: 1800 065 892

(8:00 – 17:00, kuva ku wa mbere gushika kuwa gatanu)

**Department for Communities, Crisis Care:**  
inomeri za telefone: 08 9223 1111 canke guhamagara kuri gusa ku nomero: 1800 199 008  
(haba ku murango canke mu ijoro)

### Ni gute ishirahamwe ryishinganye inzu yanje ribizamwo?

Niba uri nyene inzu birasabwe ko umenyeshya rirya shirahamwe wishinganyemo inzu yawe hakiri kare. Baca barangika umuntu w'iwabo wo kuraba ivyagitse no kuraba igiciro cavyo.

Niwaba uri umuntu apanze iyo nzu ariko ukaba warishinganye ibintu biri mu nzu, uretse kubwira nyene inzu na barya bakozzi barabira iyo nzu, wogombye no kubwira iryo shirahamwe ryawe ryishingiye ibintu vyawe vyo munzu.

### Bigenda gute iyo ntafise ubwishingizi?

Bizoca bigusaba ko wironderera ingene wosubirishamwo ibintu vyawe vyangiritse, ariko urashobora kwitabaza inshuti n'abagenzi kugira ngo bagufashe.

### None inzu yanje yoba ishobora kuba amahoro muri iryo joro?

Niwaba uri nyene inzu utegerezwa kwironderera ingene inzu yawe iza kugira umutekano, mugihe ugitegereje ko abo mu ishirahamwe ry'ubwishingizi baza kuraba. Ishirahamwe ryawe ry'ubwishingizi rizoguha impanuro ko bijanye n'inzu, kandi urya aza kuyiraba niyashika, barashobora kurondera umuntu yotuma inzu yawe igira umutekano. Hagize ikikubakira cose, ca uvugana na polisi ikwegereye.

Nihaba hari ahantu hashobora kwangirika cane gusumba hamwe hosigwa hanzu, ishirahamwe ryitwa: State Emergency Service, (SES), (umushinga utanga imfashanyo zihuta mu gihugu cose), barashobora kukugirira uruzitiro kandi bagafunga ibintu vyose bisa niyenenena, bishobora gukoroka, canke kugwa. Baza urya agaba iyo kipe yaje kuzimya umuriro, kugira ngo agufashe muri ibi. Hamagara inomeri za (SES) kuri: 132 500.



### Ibintu vyose vyahiriye mu nzu, none ni gute norisha canke nkambika umuryango wanje?

Niwaba ufise ubwishingizi, baza iryo shirahamwe urimwo, kuko barashobora kugufasha mu bijanye n'indya, no kwambara bivanye n'amasazerano mufitanye.

Niwaba udafise ubwishingizi canke ugasanga amasezerano yawe n'ishirahamwe ry'ubwishingizi, ntabikwemerera, igisata ca leta citaho kugingira abana (The Department for Child Protection), hamwe na ca gisata gifasha abantu bari mu ngorane, (The Department For Communities Crisis Care) barashobora kugufasha indya, ivyambarwa, aho kuba vyihutirwa, nibindi bintu vya nkenerwa.

**Department for Child Protection:**  
inomeri zabo za telephone ni: 08 9222 2555, canke inomeri itarihirwa: 1800 622 258

(8:00 – 17:00, kuva ku wa mbere gushika kuwa gatanu)

**Department for Communities, Crisis Care:**  
inomeri za telephone ni: 08 9223 1111, canke inomeri yo guhamagara kuri gusa: 1800 199 008  
(umurango n'ijoro).

Umushinga witwa: The FESA Chaplain, barashobora nabo kugufasha, mu kuguha n'abandi bantu bashobora kugira ico bafashije mu bintu vya nkenerwa. Urasaba urya atwara abandi mu bazimya umuriro abikugiremo. Uyo mushinga wa FESA Chaplain, uwuhamagaye kunomero 08 9485 7800 ugaca usiga message (ubutumwabwawe).

### Ndashobora gukuramwo ibintu vyanje?

Niba igipande kimwe c'inzu yawe kitahye, kandi barya baje kuzimya umuriro bakubwiye ko ushobora kwinjira nta kibazo, vyoba vyiza utoye ibi bikurikira:

- ibikuranga (uturanga muntu)
- amakarata yo muri banki
- ibitabo vya banki
- impapuro zijanye n'ivyubutegetsi
- impapuro zerekana ubwishingizi woba ufise.
- imiti wahora ukoresha
- amarori y'amaso
- ibigufasha kumva canke mu buzima bwa minsi yose
- ibisharizo vyawe, imirinda, amaherani,
- ibindi bintu bifise agaciro

**Mugabo ni vyiza kubanza kubaza ishirahamwe ry'ubwishingizi urimwo mbere yo kugira ikintu na kimwe ukurayo mu nzu.**

### Umuriro wanyangirije muhira, ibintu vyose bisa nabi, ni ryari nshobora kugira ubusafu?

Barya bazimya umuriro bakunda gukoresha amazi afise inguvu nyinshi kugirango bazimye umuriro. Bakora ibishoboka vyose kugira ngo bagerageze kugabanya ivyonekera, no kugingira ibiri mu nzu, n'ibikoresho kugira ngo uzoze usubira mu nzu yawe vuba na vuba.

Bishitse ko umuriro uba wononye imbere mu nzu, kugirira isuku ahohantu birashobora kuba nkenerwa. Banza uvugane n'urya ajejwe abo baje kuzimya umuriro, canke barya bapima ivy'umuriro, canke umupolisi, kugira ngo bakubwire igihe wotangura gukubura inzu yawe. Nihaba hari ibigurikiranwa, birashika ko hari ahantu munzu utemerewe gukubura ubu. Wogombye kandi no kubaza muri urya mushinga w'ubwishingizi, kugira ngo umenye niba amasezerano mufitanye yemera ko hagira abantu bigiye ivyo gukubura amazu babikugirira.

### Ni ikihe gikorwa c'urya ajejwe kurondera icateye umuriro (Fire Investigation Officer)?

Igihe urya ajejwe umugwi waje kuzimya umuriro iwawe adashoboye kumenya icateye umuriro, birashika ko aca ahamagara umugwi wazobereye muvuye kuraba icateye umuriro. Kandi bishitse ko hagira nk'umuntu akomereka cane canke agapfa kubera umuriro, na polisi iraza.

Barya baraba icateye umuriro hamwe na polisi bategerezwa kubanza kubona ko inzu imeze neza, mugihe bariko bagira ubushakashatsi bwabo. Baca bashira imigozi izungurutse inzu yawe kugira nti hagire abaza barahinjira, kuko bishobora konona ivyo boba bariko barondera, kandi harashobora no kuba hataraba heza kuburyo abantu bohaza.

Bishitse ko ukenera kuja muri iryo nzu, muri ico gihe, umwe mu ba polisi canke barya baraba ibitera umuriro aca ajana nawe. Ivyobariko barondera biheze, bazoca bagusubiza uburenganzira ku nzu yawe nk'ibisanzwe.

### Ni akaha kamaro, canke akazi ka polisi yitwa "Police Arson Squad"?

Abapolisi bajejwe ivyo kugenzura ugusha kw'ibintu, barashobora kuza batumweko na barya bajejwe guhiga impamvu y'umuriro. Bama bakorera hamwe na barya bazimya imirinda, baza gusa iyo babwiye ko impamvu y'umuriro iteye amakenga, canke hiketswe ko umuriro watangurwe ku bushake bw'umuntu, canke ko impamvu y'umuriro yabuze gose, canke hagize umuntu aba yitavye umuremyi.